



Pou Piblikasyon Imedya: 26/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE YON EKIP PONPYE ETA NEW YORK POU EDE KONBAT ENSANDI FORESTYE YO NAN MINNESOTA

DEC Swete Gad Forestye ki sot lite kont Ensandi Dixie Fire nan California yo Bon Retou, se Twazyèm Gad Forestye ke yo te Voye pou Lite Kont Ensandi Forestye an 2021 an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon ekip ki gen 20 ponpye forestye ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ap vwayaje nan Minnesota kote yo pral afekte yo nan efò k ap fèt pou lite kont ensandi ki nan Greenwood lan. Gouvènè Hochul te swete tou Robbi Mecus ki se Gad Forestye nan DEC yon bon retou apre de (2) semèn ke li te afekte nan lit kont Ensandi Dixie nan California. Nan kòmansman mwa sa a, Michael Burkholder ki se Gad Forestye nan DEC te [retounen](#) soti nan lit kont ensandi nan Alder Creek ak nan Trail Creek nan Montana. Nan mwa jiyè a, Timothy Carpenter ki se Gad Forestye nan DEC [retounen](#) lakay li apre l te fin ede lite kont ensandi Bootleg la nan Oregon.

"Plizyè milye moun ap pèdi kay ak antrepriz yo akòz ensandi forè devastatè rekò yo, e mwen rekonesan ke nou kapab ede moun ki nan bezwen yo, menm jan eta sè nou yo ede nou plizy fwa san pran souf lè katastwòf frappe nou," **sa a se sa Gouvènè Hochul te di.** "Jodi a, mwen swete Gad Forestye Mecus yon bon retou epi m ap remèsye l pou sèvis li nan lit kont ensandi nan California. Mwen fyè de li ak tout ponpye brav ki te pote yo volontè pou vwayaje nan premye liy ensandi forè sa yo pou pwoteje kominote yo kont domaj e mwen rejwenn tout Nouyòkè yo nan lapriyè pou yo retounen an tout sekirite."

Sèvis Forestye Ameriken an ap peye dirkteman tout pèsonèl ak pou depans vwayaj pou ekip New York yo oswa l ap ranbouse Eta New York dapre yon akò ed mityèl ant eta yo ak ajans fonsye federal yo.

Gad forestye Mecus, ki soti nan Konte Essex, te kòmanse misyon l nan dat 12 out, lè l te rejwenn plizyè milye ekip ponpye federal, eta, ak lokal nan lit kont Ensandi Dixie Fire a nan California. Gad forestye Mecus sètifye antanke yon estajyè Chèf 2 Seksyon Plan nan Gwoup Nasyonal Kowòdinasyon Ensandi Forestye (National Wildfire Coordinating Group, NWCG). Ozetazini, se sèlman yon ponyen ponpye forestye ki atenn nivo sètifikasyon ekspè sa a.

Ensandi Dixie Fire a te kòmanse nan dat 13 jiyè epi l ap boule Forè Nasyonal Plumas, Forè Nasyonal Lassen ak Pak Nasyonal Vòlkanik Lassen. Jiskaprezan, dife sa a boule anviwon 735,000 ak tè nan kat konte e pou kounyeya yo metrize l a anviwon 45 pousan. Ensandi Dixie Fire a se dezyèm pi gwo ensandi nan listwa California, li vini touswit apre August Complex Fire a ki li menm te boule plis pase yon milyon ak tè ane pase.

Basil Seggos ki se Komisyonè DEC te deklare, "Kit ponpye DEC yo ap sipèvize yon ekip dèyè sèn yo, kit yo mete kanpe yon òganizasyon k ap kòmande, oswa y ap travay sou liy dife a, Nouyòkè sa yo fè pati pi bon ponpye forestye nan peyi a. Devouman yo ak volonte yo pou ede moun ki nan bezwen pa janm sispann enpresyone m. Ponpye forestye ekspè nan DEC yo toujou prè pou kèlkeswa kote yo bezwen yo e mwen remèsye yo pou sèvis yo."

Dènye ekip ponpye Eta New York yo te pran direksyon Greenwood yo pral deplwaye pou de semèn sou liy dife a. Ekip la fòme ak pèsonèl Divizyon DEC nan Pwoteksyon Forè, Tè ak Forè, Lapèch ak Fonn, Operasyon, ak Restorasyon Anviwònmanal. Ensandi Greenwood la te kòmanse nan dat 15 out, toupre Lak Greenwood e nou rete kwè se lafoud ki te lakòz li. Y ap evakye anviwon 75 kay nan zòn nan, e jiskaprezan ensandi an boule prèske 22,000 ak tè.

Ensandi forestye nan eta lwès yo pa devastatè sèlman pou zòn lwès Etazini an, yo fè enpak tou sou kalite lè nan New York. Nan dat [20 jiyè](#), yo te mete yon avi sou sante nan tout eta New York la sou kalite lè a ke ensandi nan Canada ak pati lwès Etazini lakoz. Yo te bay plizyè avi sou kalite lè a pandan metewolojis DEC yo prevwa ke nivo polisyon yo swa ozonn oswa ti patikil piti yo, ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki se yon valè 100. Ekspozisyon ak ti patikil yo ka lakòz efè sante akoutèm tankou iritasyon nan je, nen, ak nan gòj, touse, etènye, nen k ap koule, ak souf kout. Ekspozisyon a wo nivo ti patikil yo kapab lakoz tou kondisyon medikal ou tankou opresyon ak maladi kè, vin pi mal. Eta New York ap kontinye bay avètisman chak fwa kondisyon yo mande sa pou ede pwoteje sante piblik la.

An 1979, New York te voye premye ekip ponpye li a pou al ede eta zòn lwès yo konbat gwo dife forè yo. Depi lè sa, an mwayèn, yo konn voye youn oswa de ekip, jan sa nesèsè, pou ede metrize dife forè yo chak ane. Anplis de ede frennen ensandi nan forè yo epi minimize domaj yo, ekip sa yo gen bon jan eksperyans ki kapab itilize pou lite kont ensandi nan forè yo, epi jere ensidan ki gen tout kalite risk nan new York.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)